

**LEKÒL PIBLIK-YO NAN ST. LUCIE**  
**FÒM RELIS MEDIKAL POU VWAYAJE ANDEYÒ KANTON-AN OUBYEN PASE NWIT**  
**POU BAND, "CHEERLEADING" AK LÒT EVÈNMAN KI PA ATLETIK**

Ane Eskolè \_\_\_\_\_

Non Elèv-la (Tanpri printe) \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_

Telefòn Lakay \_\_\_\_\_ Dat de Nesans \_\_\_\_\_ Plas de Nesans \_\_\_\_\_

Telefòn Travay Paran-l \_\_\_\_\_ Lòt Telefòn Emèjensi \_\_\_\_\_

Aplikasyon sa-a pou vwayaje ak patisipe nan aktivite oubyen evènman-yo ke lekòl-yo nan Kanton St. Lucie anchaj antyèman volontè nan bò pa-ou epitou li te fèt avèk konpreansyon ke nou pa viole okenn lwa ak regilasyon elijibilite-yo de lekòl-yo Publique de St. Lucie. Nou tonbe dakò tou ke nou pral konfòme a tout lwa-yo ke Depatman Edikasyon Publique de St. Lucie ak lekòl-yo mete sou plas.

Depatman Edikasyon nan Kanton St. Lucie, ak direktè lekòl-yo ak pwofesè-yo desire ke elèv ak paran-yo oubyen gadyen de elèv-yo gen yon konpreansyon absoli de enplikasyon-yo ki atache nan yon elèv k-ap patisipe nan yon aktivite "extra curricular" volontèman. Pou rezon sa-a yo mande ke chak elèv nan lekòl Kanton St. Lucie, paran-l, oubyen gadyen-l, pou li, konprann, epi siyen akò sa-a avan pou yo pèmèt elèv-la de patisipe nan nenpòt pwomnad andeyò kanton-an oubyen pou pase nwit.

1. Mwen/Nou, ki siyen anba-a, kòm paran, paran-yo, oubyen gadyen, bay konsantman pou elèv-la ki idantifye nan fòm sa-a pou patisipe nan aktivite sa-a kòm yon reprezantan de lekòl-li.
2. Mwen/Nou, pa pral kinbe Depatman Edikasyon nan Kanton St. Lucie, nenpòt moun k-ap aji nan interè- l, oubyen Asosiyasyon Atletik Lekòl Segondè Eta Florida responsab oubyen koupab pou nenpòt domajman ki ta rive a elèv-la okou de tèt aktivite oubyen tèt vwayaj.
3. Mwen/Nou konprann ke anplwaye lekòl-la pral konplete fòm asirans aksidan ke yo mande, aprè sa tout reklamasyon anba asirans pou domajman ke elèv-yo resevwa tandiske y-ap patisipe nan evènman lekòl-yo, pral antame pa elèv-la, paran oubyen gadyen-l, atravè de ajan konpayi ki pran swen polisi asirans elèv-la, epitou atravè de anplwaye lekòl-yo.
4. Mwen/Nou asepte responsabilite finansyèl pou ekipman oubyen enstriman ke elèv ki idantifye nan fòm sa-a pèdi.
5. Mwen/Nou otorize lekòl-la pou transpòte epitou obteni, atravè yon doktè li ta chwazi, nenpòt swen medical emèjensi ki kapab vini rezonabman nesèsè pou elèv-la okou de tèt aktivite oubyen tèt vwayaj. Mwen/Nou dakò tou ke depans-yo pou tèt transpòtasyon ak tretman pa pral tonbe sou do distrik lekòl-la oubyen sou do anplwaye-l.
6. Mwen/Nou asepte responsabilite total epitou bay pèmision pou pitit mwen-an de vwayaje nan nenpòt pwomnad ke lekòl-yo apwouve. Deklarasyon sa-a ap rete an plas jiska lafen ane eskolè sa-a amwenske mwen anile a lekri a lekòl-la.

\_\_\_\_\_  
Siyati Elèv-la

\_\_\_\_\_  
Siyati Manman oubyen Gadyen

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Siyati Papa oubyen Gadyen

**STATE OF FLORIDA COUNTY OF ST .LUCIE**

Dokiman ki mansyone anvan-an te rekonèt devan-m ke-l lejitim jou sa-a ki se \_\_\_\_\_ de \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_pa

\_\_\_\_\_. Mwen konnen-l pèsònèlman, oswa li te founi \_\_\_\_\_

kòm idantifikasyon, epitou \_\_\_\_\_te pwete sèman \_\_\_\_\_ pa-t pwete sèman.

(So Notè-a) **Komisyon Mwen Ap Ekspire** \_\_\_\_\_

**Notè Piblik Eta Florida** \_\_\_\_\_

**Enprime Non Notè-a** \_\_\_\_\_